ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

ТЕХНИКА ФАКУЛЬТЕТИ

ҚУРЫЛЫС КАФЕДРАСЫ

Имарат ҳәм иншаатлар қурылысы бакалавр бағдары питкериўшиси Давлетияров Жеңисбекың «Шымбай районлық медицина бирлеспеси бас бинасының реконструкциясы» темасы бойынша

ДИПЛОМ ЖОЙБАРЫНЫҢ

Т Ү С И Н Д И Р И Ў Х А Т Ы

Кафедра баслығы: т.и.к. Д. Жумамуратов

Диплом жойбары басшысы: т.и.к. Д. Жумамуратов

Нөкис 2012 - жыл

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ
ТЕХНИКА ФАКУЛЬТЕТИ
ҚУРЫЛЫС КАФЕДРАСЫ
ИМАРАТ ҲӘМ ИНШААТЛАР ҚУРЫЛЫСЫ БАКАЛАВР БАҒДАРЫ
ДИПЛОМ ЖОЙБАРЫН ОРЫНЛАЎ БОЙЫНША ТАПСЫРМА

Питкериўши: ***Давлетияров Жеңисбек***

1. Диплом жойбарының темасы: **Шымбай районлық медицина бирлеспеси бас бинасының реконструкциясы**

ҚМУ бойынша 2012-жыл «___» _____дағы _____ санлы буйрық пенен тастыйықланған.

2. Диплом жойбарын орынлаў ушын мағлыўматлар: ***Медицина бирлеспесиниң 1:5000 масштабта бас жобасы, геологиялық ҳәм климатик шәраятлар***

3. Түсиндириў хатында келтирилетуғын мағлыўматлар:

а) Архитектуралық-қурылыс бөлими
б) конструктив-есаплаў болими
в)Қурылыс өндириси технологиясы бөлими
г) Қурылыста мийнетти қорғаў.

4.Диплом жойбарының сызылмалары дизими:

а)Имарат жобасы, фасад
б)Бастырма плитасын конструкциялаў
в)Қурылыс өндириси технологиясы
г)Кесим

5.Диплом жойбары бөлимлери бойынша мәсляҳәтшилер:

№	Диплом жойбарының бөлимлери	Басланыў мүддети	Тамамланыў мүддети	Имзасы	Мәсляҳәтшиниң фамилиясы
1	*Архитектуралық-қурылыс бөлими*	*2.05.11*	*10.05.11*		*Узақов Т.*
2	*Есаплаў-конструктив бөлими*	*11.05.11*	*21.05.11*		*Ешниязов Р.*
3	*Қурылыс – монтаж жумыслары технологиясы бөлими*	*23.05.11*	*4.06.11*		*Ешмуратов М.*
4	*Жуўмақ*	*6.06.11*	*18.06.11*		*Нажимов Ж.*

6.Тапсырма берилген сәне_____

7.Тамамланған диплом жойбарын тапсырыў сәнеси_____

Диплом жойбары басшысы: _____ т.и.к. Д. Жумамуратов

Тапсырма орынлаў ушын қабыл қылынды: _____ Ж.Давлетияров

Кафедра баслығы: _____ т.и.к. Д. Жумамуратов

МАЗМУНЫ

1. КИРИСИЎ
2. I-БАП. АРХИТЕКТУРАЛЫҚ-ҚУРЫЛЫС ШЕШИМЛЕРИ
3 1.1.Улыўма жағдайлар
4 1.2.Техника-экономикалық көрсеткишлер
5 1.3. Имарат конструктив элементлери
6 II-БАП. ЕСАПЛАЎ-КОНСТРУКТИВ БӨЛИМИ
7 2.1. Конструктив схемасы
8 2.2.Алдыннан зорықтырылған көп қуўыслы бастырма плитасын есаплаў ҳәм конструкциялаў
9 III-БАП. ҚУРЫЛЫС ӨНДИРИСИ ТЕХНОЛОГИЯСЫ ҲӘМ ОНЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ
10 3.1.Қурылыс материалларына болған талапты анықлаў
11 3.2.Монтажлаў кранларын таңлаў
12 3.3. Гербиш дийўал өриўдеги технологиялық карта
13 3.4.Қурылыстың бас жобасы
14 3.5. Локаллық смета
15 МИЙНЕТТИ ҚОРҒАЎ ҲӘМ ҚӘЎИПСИЗЛИК ТЕХНИКАСЫ БӨЛИМИ
16 4.1.Гербиш жумыслары
17 4.2.Сыбаў жумыслары
18 ЖУЎМАҚ
19 ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

КИРИСИЎ

Мәмлекетимизде медицина тараўын раўажландырыў, халыққа медициналық хызмет көрсетиў сыпаты ҳәм нәтийжелилигин асырыў, аналық ҳәм балалықты қорғаў, заман талапларына сай қәнийгели медецина кадрларын таярлаўға үлкен итибар қаратылмақта. Соңғы жылларда шығарылған Өзбекстан Республикасы Президентиниң “Ден саўлықты сақлаў системасын реформалаў ҳәм раўажландырыў Мәмлекетлик бағдарламасының тийкарғы жөнелислери ҳаққында”ғы 2007-жыл 19-сентябрдеги УПФ – 3923-санлы Пәрманы, “Республика медицина мекемелери хызметин раўажландырыў ис-илажлары” ҳаққындағы 2007-жыл 2-октябрдеги УПК – 700-санлы қарары, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң “Ден саўлықты сақлаў системасының аймақлық шөлкемлери хызмети ҳәм структурасын шөлкемлестириўди жетилистириў ис-илажлары ҳаққында”ғы 2008-жыл 18-марттағы 48-санлы Қарары, Өзбекстан Республикасы Ден саўлықты сақлаў министрлигиниң

“Аўыллық врачлық пунктлери хызметин шөлкемлестириўди жетилистириў ҳаққында»ғы 2009-жыл 29-марттағы 80- санлы Буйрығы буның айқын сыпаты.

Мәмлекетимиз Президенти Ислам Каримов 2011-жыл 26-ноябрьде “Өзбекстанда аналық ҳәм балалықты қорғаўдың “Саламат ана – саламат бала” миллий модели” атамасындағы халықаралық симпозиумның ашылыў мәресиминде сөйлеген баянатында атап өткениндей, ғәрезсизлик жылларында елимизде ден саўлықты сақлаў системасын реформалаўдың миллий моделин жаратыўдың тырнағы бул ең дәслеп денсаўлықты сақлаўдың биринши буўынында 3200 ден артық аўыллық шыпакерлик пунктлериниң шөлкемлестирилиўи болды.

Президентимиздиң 2011-жыл 28-ноябрьдеги “Денсаўлықты сақлаў системасын реформалаўды және де тереңлестириў ис-илажлары ҳаққында”ғы Қарарында көрсетилгениндей, мәмлекетимизде денсаўлықты сақлаў системасының дәслепки буўыны усы системаның зәрүр әҳмийетке ийе мәселелеринен бири болып қалмақта, сол себепли ремпубликамыздың ең

шеттеги районларында және 102 аўыллық шыпакерлик пунктин шөлкемлестириў ҳәм олардың материаллық-техникалық базасын раўажландырыў режелестирилмекте.

Буннан келип шыққан ҳалда республикамыздың ең шетки территорияларының бири болған Шымбай районында емлеўхана имаратын реконструкциялаў үлкен социаллық әҳмийетке ийе деп есаплаймыз. Буннан тысқары, бул зонаның дүньяға танылған Арал экологиялық апатшылығының эпицентринде жайласқанлығын, жәхан халықларының барлығының көзлери бул зонаға қаратылғанлығын есапқа алсақ, бул зонада жасаўшы халықтың ден-саўлығына итибардың оғада күшли екенлигин көриўимиз мүмкин, таңлаған диплом жойбарымыз темасының сөзсиз актуаллығын көриўимиз мүмкин.

Мине бул айтылғанлардан келип шыққан ҳалда диплом темамыздың мақсети алған теориялық ҳәм практикалық билимлеримди толық қолланған ҳалда сөзсиз актуал болған Шымбай районлық медициналық бирлеспе бас имаратын реконструкциялаў бойынша әмелге асырылыўы мүмкин болған оптимал жойбар ислеп шығыў болып табылады. Бунда Мойнақ районы емлеўханасының ҳәрекеттеги имарат ҳәм жәрдемши иншаатларын максимал сақлап қалған ҳалда халыққа тез ҳәмде қолайлы түрде медициналық жәрдем көрсетиў мүмкиншиликлерин жаратып беретуғын, соның менен қатар мүмкиншилиги болғанынша кем ис сарпын талап ететуғын реконструкция жойбарын ислеп шығыўды мақсет етпектемиз.

1. АРХИТЕКТУРАЛЫҚ- ҚУРЫЛЫС ШЕШИМЛЕРИ

1.1. Улыўма жағдайлар

Архитектуралық қурылыс шешимлери бөлиминде инженерлик коммуникациялық шешимлерин, гидрогеологиялық жумысларын УзГИИТИ институты Нөкис филиалы тәрепинен алынған мағлыўматлар тийкарында ислеп шықтық. Биринши нәўбетте қурылыс майданшамыздың топырақ қатламының литологиялық курылысын көрип шықтық.

1.Жер асты суўлары жер бетинен 0,8-1,2 м тереңликте жайласқан. Бетонға тәсири қатты агрессиялы.

2.Топырақ шөкпейтуғын 2 типли.

3.Топырақ тийкарының характеристикалары. Имарат тырнағы топырақтың төмендеги белгилери бойынша есапланған:

Топырақ супесь ҳәм суглинок

$$\vartheta = 1{,}86 \ \ m/м^3 \quad \vartheta = 23 \quad Cu = 0{,}34 \ \ m/м^3$$

4.Қурылыс майданы Қ.М.Қ бойынша IВ климатологиялық зонада жайласқан.

5.Топырақтың тоңлаў қалыңлығы -0,92 м

6.Сейсмикалық көрсеткиши -6 балл

7.Қар жаўыў бойынша аўырлығы 50 кгс/м^2

8.Самал бойынша аўырлығы 38 кг/м^2

9.Қысқы мәўсимдеги ҳаўаның есаплы (расчетное) температурасы -20^{0}с;

10.Жазғы мәўсимдеги ҳаўаның есаплаў температурасы +37,6^{0}с. Қ.М.Қ. бойынша.

Тийкар грунтлар супес, ал норматив басым R^н=10кг/м^2. Груттың мәўсимлик қатыў тереңлиги 92 см. Груттың орташа агротармағы-қалалық тармақтан. Жергиликли қурылыс материалларын транспортировкалаў-орайластырылған усылда.

Участкада жойбарланып атырған имараттан басқа қазанхана, еки имарат емлеў корпуслары, тез жәрдем имараты, суў көтериў башнясы, асхана, таза суў

резервуарлары, выгребной туалет имаратлары, трансформаторный подстанция хәрекет етип турыпты. Соның менен биргеликте реконструкция дәўиринде бул имаратларға қосымша бизиң жойбарлап атырған бас корпусымыздан тысқары патологоанатомиялық бөлим имараты, овощехранилище ҳәм басқада жәрдемши склад ҳәм имаратлар, автомобиллер боксы, қорғанлар қурылыўын жойбарламақтамыз.

1.2.Техника-экономикалық көрсеткишлер

№I Участок. «Орайлық районлық больница» территориясы

Техника-экономикалық көрсеткишлер
(жаңа қурылыс)

№ п/п	Объект аты	Қурылыс майданы,м^2	Қурылыс көлеми,м^3	Улыўма майдан,м^2	Пайдалы майданы, м^2
1	Еки очколық туалет (3 шт).	24,15	42,69/77,52 120,21	14,94	9,09
2	КО Гн/Т- 15 жыллылық пункти пристройкасы(1 шт)	13,12	28,08	6,12	6,12
3	КО Гн/Т-30 жыллылық пункти пристройкасы (3 шт)	39,36	84,24	18,36	18,36
4	КО Гн/Т-50 жыллылық пункти пристройкасы (3 шт)	39,36	84,24	18,36	18,36
1	«Инфекционный бөлим - 20 койкалық, тери-венерологик бөлим 30 койкалық.	1019,56	4631,0	870,81	800,31
2	Поликлиника	858,19	6213,9	1444,65	1379,81

Отырғышлар, жанғынға қарсы мүйеш, тасландыларды таслайтуғын орын. Емлеўхана территориясы жоқары дәрежеде абаданластырылған ҳәм көгалландырылган. Жоллар ҳәм тротуарлар асфальтланған, айрым жерлерине тротуарларға арналған плитка басылған, суў ағар салмалар белгили дәрежеде исленген, салмаларға темир-бетон лотоклар жатқызылған. Микроклиматлық

дәрежеде ҳәм санитариялық қорғаў усылларын жақсылаў ушын территорияны комплексли көгалландырыў. Тереклердиң түрлери сол жердиң өсиў шәраятларын есапқа алған жағдайда терип алынған. Соның менен бирге архитектуралық көринис композициясының жақсыланыўын есапқа алып, көп жыллық гүллер ҳәм басқада өсимликлер егилген.

Жойбарланып атырған емлеўхана имаратымыз планда тийкарғы төрт блоктан ибарат болып, бес қабатлы ҳәм үш қабатлы тийкарғы блоклардан ибарат. Емлеўхана бирлеспеси реконструкциясында бес қабатлы ҳәм үш қабатлы бас биналардың реконструкциясы менен биргеликте поликлиника, 20 койкалық инфекция кеселликлери бөлими, 30 койкалы тери-венерик кеселликлер бөлими реконструкциялары, аптека, қан қуйыў пункти, автомашиналар ушын бастырма, туалет, прачечный имаратларын, жыллылық пункти, КНС, гербиш қорғанларды жаңадан қурыў мөлшерленбекте. Сондай-ақ үш постлы тез жәрдем имаратын, автомашиналар ушын бокс, дизельный имаратын, асхана, ВНС, овощехранилище, резервуарларды капитал ремонлаў да нәзерде тутылмақта. Емлеўхана имараты-блоклардың кеңислик беккемлиги аралық бастырмалар ҳәм дийўалдың жумыс ислеўин тәмийнлеў ушын жойбарланған. Көлденең бағдарда беккемлик ушын көлденең дийўаллар, бойлама дийўаллардың орнатылыўы жүк көтериўши болып табылады.

Имарат классификациясы қурылыс объектиниң толық көринисин тәмийнлеў мақсетинде, техника ҳәм экономикалық ҳәр қыйлы шешимлерин жойбарлаўда қолланыў мақсетинде исленеди. Классификация тийкарынан халқ хожалығының дала қурылысындағы ҳәм басқада бир қатар факторларда белгиленеди.

Имараттың классификацияланыўы:

Белгилениўи бойынша: турақлық, жәмийетлик, өндирислик ҳәм аўыл хожалық болып бөлинеди.

Көрсеткиш бойынша: имарат ҳәр қандай климатлық тәбият ҳәм физика-гоеграфиялық жағдайларда (сейсмикалық жағдай, климатлық район анықлаў

ушын) дийўал конструкциясы бойынша гербишли, ири блоклы, ири панелли ҳәм басқада болады.

Қабатлар бойынша кем қабатлы, көп қабатлы ҳәм бийик имарат. Узақ мүддетке шыдамлылық ҳәм отқа шыдамлылық бойынша үлкен жәмийетлик имаратлар 9 ҳәм оннанда артық қабатлы имратлар 1 класс бойынша анықланады. Көпшилик пухаралық имаратлар, соның менен бирге 9 қабатқа шекемги турақ жайлар II классқа киреди, киши жәмийетлик имаратлар ҳәм 5 қабатқа шекемги турақ жайлар III классқа киреди.

Конструкциялаў отқа шыдамлылығы бойынша группаларға үш: жанбайтуғын, қыйын жанатуғын ҳәм жанатуғын болып бөлинеди Бул жойбарда отқа шыдамлылық дәрежеси -II, узақ мүддетке шыдамлылық дәржеси-II, имараттың хызмет етиў мүддети 50-70ж.

Емлеўханамыздың техника - экономикалық көрсеткишлери төмендегише

1. Участка майданы 2,5га.
2. Қурыў көрсеткиши 19,26%.
3. Көклемзарластырыў көрсеткиши 47,76%.

4Тротуарлар, майданшалар 17,98%.

5. Басқа майданшалар 15%.

1.3. Имарат конструктив элементлери

Имарат қатаң конструктивлик схемада шешилген. Оның узынына ҳәм кесесине жайласқан дийўалларының төбе бастырмалары менен бирикпеси имараттың қаттылығын ҳәм беккемлигин сақлап турады. Имарат төмендеги конструктивлик элементлерден жойбарланған. Тырнағы қуйма темир-бетоннан, маркасы М 150, лента типиндеги фундаменти жыйма ленточный блоклардан жыйналған ГОСТ 13579-78. . Бул түрдеги фундаментлер үзиликсиз лента формасында болып, имарат жүк көтериўши дийўалларының даўамы есапланады.Бундай фундаментлер тийкар онша терең болмаған ҳалларда, имарат жер төлели болганда, бос тийкарға имарат қурылғанда, сондай ақ бир

тегис болмаған шөгиўлер жерден бәлент қысымында билинип қалатуғын имаратлар қурыўда қолланылады.

Кесе кесиминиң көринисине көре, түўры төрт мүйешли, трапеция сыяқлы, басқышлы ҳәм жыйма подушкалы болады.

Лента тәризли фундаментлер имараттан түсетуғын ўақытша ҳәм турақлы күшлерди көтерип турыўшы конструкция болып қалмай, имараттың жер төлеси бөлмелерин қорғаўшы конструкция болыпта есапланады.

Лента тәризли фундаменттиң пландағы ҳәм кесимдеги формасы имараттан тийкарға түсетуғын зорығыўлардың бир тегис тарқалыўын тәмийнлеўи керек.

Лента сыяқлы фундаментлердиң қысылыў моделине қарап деформациялар бойынша есаплағанда тийкарға тәсир етиўши норматив басымды 0,2-0,25Па см^2 қа шекем көбейтиў имканын бериўши фундаментлерди есаплаўдың жаңа усыллары бар. Бул усыл фундамент подушкаларының енин кескин кемейтириў ҳәм материаллар сарпын пәсейтириў имканын береди.

Массалық қурылыс шәраятында ең көп тарқалған жыйма темир-бетон конструкциялар, фундамент подушкалары ҳәм фундамент блоклары есапланады. Бундай конструкциялар М100-М200 бетонынан таярланып аўырлығы 3 тоннаға шекем болады.

Лента тәризли фундаментлердиң заманагөй индустриал түри ири өлшемли, ири панелли үйсазлықта қолланылатуғын ферма түриндеги фундаментлер болып есапланады.

Имарат фундаменти подушкасы ленталы монолит етип В12,5 класс бетоннан қуйылады, А-Ш класс арматуралы сеткалар менен арматураланады. Фундамент көмилиў тереңлиги -0,92 метр. Фундамент астына 10 см битум-щебенли тийкар жайластырылады.

-0,020 отметкада битумлы 2 қабат рубероидтан горизонтал гидроизоляция жасалады. Грунтқа тийип турған фундаменттиң қаптал бетлери қайнатылған битум менен еки мәрте боялады. Перегородкалар астына В7,5 класс бетоннан ени 200 мм етип -0,92 метр тереңликте фундамент қуйылады. Цоколь блоклары ФБС 24.4.6-Т, ФБС 12.4.6-Т, ФБС 9.4.6-Т жыйналмалы блоклардан қойылады,

бунда В7,5 класс бетоннан жасалады. Тийкарғы ҳәмде жәрдемши кириў орынлары ушын еки крыльцо В15 класс бетоннан монолит етип қуйылады. Отмосткалар 2.110-1 вып.1 сериясы бойынша асфальтобетоннан ени 1000 мм етип орнатылады.

Сыртқы дийўаллар имарат бөлмелерин сыртқы орталық тәсиринен яғный жаўынгершиликтен, самалдан, сыртқы температурадан, шаўқымнан ҳәм қуяш радиациясынан қорғайды.

Сыртқы дийўал түрин туўры таңлаў имараттың улыўма баҳасына тәсир етиўши тийкарғы фактор болып, оның 20-25 % ин қурайды.

Дийўал ушын қолланылатуғын тийкарғы материаллардың түрине қарай ағаш ҳәм тас дийўалларға бөлинеди. Әдетте имаратлардың аты сыртқы дийўал ушын ислетилетуғын материалдың аты менен жүритиледи: ағаш дийўаллар, майда блоклы дийўаллар, ири блоклы дийўаллар, көлемли блоклы ҳәм т.с.

Сыртқы дийўалларға қойылатуғын тийкарғы талаплар:

-Беккемлик-дийўал түри ҳәм элементлериниң физика-механикалық қәсийетлери менен байланыслы.

-Көпке шыдамлылық ҳәм өртке шыдамлылық талаплары беккемлик бенен байланыслы болып, дийўал элементлерин сырткы орталықтың жағымсыз тәсир етиўши факторларынан қорғаў, отқа шыдамлы материалларды таңлаў ҳәм өз орнында ислетиўди көзде тутады.

-Сыртқы орталықтан қорғаў-яғный имарат ишки температурасын ҳәм ығаллығын жыл мәўсимлери даўамында турақлы сақлаў менен байланыслы болган талаплар

-Архитектура көркемлик ҳәм декоратив талаплар яғный сыртқы дийўалларды имарат түрине қарап архитектура безеўлери менен байытыў, миллий дәстүрлерди есапқа алыў, реңлерди туўры таңлаў ҳәм басқалар.

-Индустриаллық талаплары –яғный массалық имаратлар дийўалларының жыймалық көрсеткиши 70% артық болған конструкциялар тийкарында қурыў, қол мийнетин механизацияластырыў.

-Экономикалық талаплар- қабылланған көлемли-планлы шешимлердиң экономикалық өнимдарлығын ҳәм жойбарда көрсетилген тийкарғы техник-экономикалық көрсеткишлерге әмел қылыў есабынан әмелге асырылады.

Имарат сырткы дийўалларының беккемлиги оның ишки жүк көтериўши дийўаллар ара жаппалар менен туўры тутастырыў ҳәм бирлестириў есабынан ерисиледи. Дийўаллар – имарат дийўаллары пискен гербиштен ибарат етип жойбарладық. Гербиш өриўде, гербиш маркасы М 75 тен кем болмаўы керек. Имарат дийўалларының қалыңлығы 1,5 гербиш яғный 38 см алынады. Дийўал қалыңлығы ыссылық физикалық есаплаўлар нәтийжесинде алынады.

Мине буларды есапқа алған ҳалда жойбарланып атырған емлеўхана бас имараты ишки ҳәм сыртқы дийўалларын маркасы М75, тас гербиштен,ылайы маркасы М25, цементли, қумлы сазлы араласпадан орнатамыз. Шарқыраўық жыйналмалы темир бетоннан, сериясы 1.038.1-1 вып 1,2. Аралық дийўаллары (перегородка) тас гербиштен, қалыңлығы 120мм. Төбе жаппасы жыйналмалы темир-бетон плиталардан, сериясы 1.1411-41с в1 ҳәм 1.141-40с вып.1,2,3 сериялардағы жыйналмалы темирбетон плиталардан, ПК 59-12, ПК 59-10 плиталар қолланылады. Перемычкалар 3ПП27-71, 3ПП18-71, 3ПП14-71, 2ПП25-8, 2ПП18-5, 2ПП14-4, 2ПБ16-2 типлерде қолланылады. Бул питкериў жумысымызда ПК59-12 бастырма плитасының, яғный, узынлығы 5900 мм ҳәмде ени 1200 мм болған көп бослықлы темирбетон плитамыз есабын келтирип өттик.

Имаратымыз айна тесиклерин толтырыў ушын AKFA типиндеги 12х18, 18х18 ҳәмде 12х09 размерлердеги акфа айналарынан пайдаландық. Подоконный доскалар ПД35х250х1300 размерде қолландық. Подоконный слив 0,63 қалыңлықтағы 0,33х12 ҳәмде 0,33х1,8 размердеги оцинкованный кровельный полаттан пайдаландық. Есик блокларын да AKFAдан ДО21-13 айналы, инд.алюминли ДН27-13 фрамугалы, ДГ21-09 ҳәмде ДГ21-07 глухой етип алдық.

Имараттың барлық бөлмелериниң дийўал ҳәмде перегородкалары улучшенный штукатурка исленеди. Шитовой ҳәмде склад ушын

қолланылатуғын қараңғы бөлмелерден тысқары дерлик барлық бөлмелер потолоклары ВД-АК-220 водоэмульсия менен боялады, ал дийўаллары болса ВД-АК-220 водоэмульсионный краскалар менен улучшенный окраска ислениледи. Соның менен биргеликте бул бөлмелердиң дийўал ҳәмде перегородкаларының пәски бөлимлери 1500 мм ге шекем майлы краска менен боялады. Жәрдемши хана ҳәмде жуўыў бөлмелери дийўалларының пәски бөлимлери болса 1800 мм ге шекем глазурованный плиткалар менен облицовкаланады. Сондай-ақ медицина хызметкерлери кабинетлери, яғный, хирург, лор, терапевт, окулист, невропатолог ҳәм т.б. врачлар кабинетлери дийўаллары пәски бөлимлери де 1800 мм ге шекем глазурованный плиткалар менен облицовкаланады. Соның менен биргеликте бул кабинетлерде умывальниклер әтирапы да глазурованный плиткалар менен орап облицовкаланады. Щитовой ҳәмде жәрдемши бөлмелер клейли ҳәмде известли бояўлар менен боялады.

Тамбур, вестибюл ҳәмде коридорларда 30мм мрамордан жасалған пол қолланамыз. Бул полды орнатыў ушын дәслеп 40-60 мм фракциядағы щебенлерди грунтка трамбовкалаймыз. Оның үстине 80 мм қалыңлықта В7,5 класс бетоннан подстилающий қабат жатқызамыз.Оннан соң болса 20 мм қалыңлықта М150 маркалы цемент-қумлы араласпаны орнатамыз ҳәмде оның үстине 30 мм қалыңлықтағы мрамор плиткалардан пол орнатамыз. Бул типтеги полларға 20х79 размердеги мрамор плинтуслар қоямыз.

Буфет залы, посуда жуўыў ханасы ҳәмде жәрдемши бөлме полларын қалыңлығы 10 мм керамик плиткалардан орнатамыз. Бул типтеги полды орнатыў ушын да дәл мрамор полды орнатқанымыздағы сияқлы таярлаў бөлимлерин орнлаймыз, тек ғана керамик плитка астына қосымша шовларды питеў мақсетинде М150 цемент-қумлы араласпадан суйық етип қуйып шығамыз.

Аўырыўлар жатыў бөлмелери полын 3,6 мм қалыңлықтағы жыллылық ҳәмде шаўқым изоляциялаўшы подосновасы бар поливинилхлорид линолеумнан пайдаланамыз. Бул типтеги полды орнатыў ушын да алдыңғы жағдайлар

орнатылады, тек ғана М150 цемент-қумлы араласпа орнына водостойкий вяжущий клей прослойкасын қолланамыз.

Щитовой бөлме полын болса В15 класс 20 мм қалыңлықтағы бетоннан орынлаймыз. Бул полдың тийкары етип 40-60 мм фракциядағы щебенлерди грунтқа трамбовкалап, оның үстине В7,5 класс бетонды 80 мм етип орнатамыз, ҳәмде оның үстине В15 класс бетоннан 20 мм пол орнатамыз.

Қалған бөлмелердиң полларын ламинанттан орнатамыз. Бул ламинант полдың тийкарына алдыңғы поллардағы сыяқлы 40-60 мм фракциядағы щебенди грунтка трамбовкалаймыз, оның үстине 80 мм қалыңлықта В7,5 класс бетон орнатамыз, оның үстине 20 мм қалыңлықта М150 болған цемент-қумлы араласпа қуйып, оның үстине ламинант полымызды орнатамыз.

Бул ламинант ҳәмде линолеум поллы бөлмелерде плинтуслар полиуретан ҳәмде ағаш плинтуслар қолланылады. Бетон полы щитовой бөлмемизде болса М150 болған цемент-қумлы араласпадан плинтус орнатамыз.

Имарат ҳәм иншаатлардың сырткы көринисинде ықлым шәраятымыз, миллий дәстүрлеримиз, мазмун ҳәм форма бирлиги, бар имаратлар менен уйғынласыў мәселелерди шешиў менен әмелге асырылыўы лазым. Буннан тысқары ақырғы жылларда халық аралық талапларға жуўап беретуғын, өзине ҳәр қыйлы сырткы пардозлаўшы материаллардан кең пайдаланыў есабына да әмелге асырылмақта.

Сыртқы пардозлаў жумыслары тийкарынан дийўалларды цемент-ҳәкли араласпа менен улучшенный штукатуркалаў, ҳәмде соңынан поливинилацетат состав пенен бояўдан ибарат болады. Соның менен биргеликте фасадымызда ени бойынша 200 мм бийиклигине 300 мм етип рустовкалар орнатылады. Цокол болса цемент-ҳәкли араласпа жәрдеминде «шуба» формасында улучшенный штукатурка исленеди.Буннан соң фасад бояўы менен цокол да боялады. Отмостка болса имарат периметри бойынша енине 1000 мм етип асфальтобетоннан орнатамыз.

Кровлямыз болса темирбетон бастырмамыз үстине бир қабат рубероидтан орнатылған пароизоляция, оның үстине қалыңлығы 100 мм болған 400кг/метр

куб тығызлықтағы пенобетон утеплительден, қалыңлығы 20 мм болған М50 маркалы цемент-қумлы араласпадан жасалған стяжка орнатамыз. Оның үстинен 180 мм тақтайдан стропила ҳәмде оның төбесинен ағаш обрешетка, оның үстинен болса асбестоцемент листлерден кровля орнатамыз. Кровлямыз төрт тәрепке де 20 градуслық скатқа ийе.

Тамның төбеси бийик чердаклы кровля, каркасы –ағаш тахтайлы конструкциядан, бастырмасы асбестоцементли. Жылытыў қабаты-керамзит Р=800 кг/м. Поллары-ленолиумли, мозайкалы ҳәм керамикалық плиталардан.

Айналары ҳәм сырткы қапылары пластик ямаса алюминий профилден исленген. Отмосткасы асфальтлы бетоннан исленген енине 1 метр.

Имараттың $\pm 0{,}000$ ден төменги жағында жайласқан конструкциялары жер асты суўларының бетонға агрессивлигин күшли есапғанымыз ушын сульфат шыдамлы портландцементтен исленген, бетон маркасы М-100 қолланылады.

Имараттың тырнағының топыраққа тийетуғын жерлерине ыссы қарамай менен 2 рет ислеў бериледи.

Имарат тырнағының астына бир қабат қарамайланған щебен жайылады, қалыңлығы 10 см.

Отмосткада цементли ылай менен жайылады.

Асфальт бетонлы отмостканың астына щебень жайылады.

Конструкцияны коррозиядан қорғаў усыллары ҚМҚ 3.04.03-96 тен пайдаланып исленеди.

Антисейсмикалық шаралар ҚМҚ 2.01.03-96 ны пайдаланып исленген.

Имаратлардың өрт тәсиринде өзиниң беккемлигин жоғалтқанша шыдам бериў қәбилетине- өртке шыдамлылық деп аталады.

Имараттағы қурылыс материаллары ҳәм конструкцияларының от алыўшаңлығы бойынша:

-Жанбайтугын (тәбийий ҳәм жасалма тас, полат)

-Кыйын жанатуғын (жанбайтуғын анорганик элементлер менен қорғалған бөлеклер)

-Жанатуғын топарларга бөлинеди

Норматив ҳүжжетлерге муўапық имаратлар ҳәм иншаатлар өртке шыдамлылық дәрежеси 5 басқышлы деп қабыл қылынған- яғный өртке шыдамлылық шегарасы менен, конструкциялардың өрт ҳәм жоқары температура тәсирине еркин хәм турақлы турыў ўақты (саат есабында) Имаратларды өрттен сақлаў мақсетинде имарат конструктив дизиминде өрт тосықлары (брандмауэр), жанбайтуғын жаппалар ҳәм қыйын жанатуғын материаллар қолланылыўы мақсетке муўапық.

Жойбарлап атырған имаратымыз көлемлик-жойбарлаў ҳәмде конструктив шешимлери бойынша ШНК 2.01.02-04 «Имарат ҳәм иншаатлардың өрт қәўипсизлиги» талапларына толық жуўап береди. Жанғынға қарсы нормалары ҚМҚ 2.08.02-96 ға сәйкесленип керекли әсбап-үскенелер менен тәмийнленген. Проездлер ҳәмде пияда өтиў жолларын жойбарлағанымызда имарат ҳәм иншаатларға өрт өшириў машиналары өтиў мүмкинликлери есапқа алынды. Қурылыс территориясында өртке қарсы гүресиў щити есапқа алынған. Емлеўхана имараты барлық бөлмелеринде болса өртке қарсы сигнализациялар жойбарланған.

II-БАП. ЕСАПЛАЎ- КОНСТРУКТИВЛИК БӨЛИМИ

2.1. Конструктив схемасы

Имараттың конструктив схемасы -өз ара бир-бири менен байланыслы болған, имараттың беккемлигин ҳәм турғынлығын тәмийнлеўши жүк көтериўши конструкциялар жыйнағынан ибарат.

Имараттың конструктив шешими жойбарлаў процессинде оның конструктив ҳәм қурылыс системалары ҳәм конструктив схемалары тийкарында анықланады.Имарат конструктив дизимин таңлаў ҳәр бир конструкцияның статик ролин анықлайды. Имараттың қурылыс дизимин таңлаў нәтийжесинде конструкциялардың материаллары ҳәм оларды үйрениў техникасы анықланады.

Имараттың жүк көтериўши конструкциялары өз ара бир-бири менен байланысқан вертикал ҳәм горизонтал элементлерден ибарат. Горизонтал жүк көтериўши конструкциялар- оларға тәсир етиўши ҳәмме вертикал күшлерди өзине қабыл қылып, оларды вертикал жүк көтериўши конструкцияларға узатады. Олар өз нәўбетинде пайда болган күш ҳәм зорығыўларды фундамент ҳәм тийкарға узатады. Горизонтал жүк көтериўши конструкциялар әдетте имараттың бикрлик (жёсткость), диафрагмасы ролин ойнайды. Горизонтал бикрлик диафрагмасы имаратқа тәсир етиўши ҳәмме горизонтал күшлерди (самал, сейсмик) қабыл етип бул зорығыў ҳәм күшлерди вертикал конструкцияларға узатады.

Еки ҳәм оннан артық қабатлы имаратлардың горизонтал жүк көтериўши конструкциялары өртке шыдамлылық талапларына көре қыйын жаныўшы яки жанбайтуғын болыўы шәрт, усы ҳәм экономикалық талапларға улыўма рәўиште қолланылып атырған жыйма ҳәм қуйма темир бетон конструкциялар толық жуўап береди.

Вертикал жүк көтериўши конструкциялар түри имарат конструктив системасын анықлаўда тийкарғы фактор болып есапланады: каркаслы, дийўаллы, көлемли блоклы.

1.Каркаслы системалар- тийкарынан көп қабатлы (9 ҳәм оннан бәлент) сейсмик беккем имаратлар қурылысында көбирек қолланылады. Каркаслы административлик мәкемелер ҳәм санаат имаратларының қурылыс көлеми турар жай имаратларына салыстырганда бир қанша көп.

2.Турар-жай имаратлары қурылысында ең көп тарқалған дийўаллы конструктив система түрли планлы-көлемли шешимли бир ҳәм көп қабатлы имаратларды қурыўда кең тарқалған.

3.Көлемли-блоклы система шөгиўшең ҳәм қурамалы тийкарлы шәраятларда имаратлар қурылысында қолланылады.

4. Тутас-денели (монолит) система бәлентлиги 16 ҳәм оннан артық болған сейсмик беккем имаратлар ҳәм шөгиўшең тийкарларға қурылатуғын имратлар қурылысында қолланылады.

5.Қабықлы системалар - айрықша көп қабатлы Административлик имаратлары қурылысында қолланылады

Жоқарыда айтып өтилген тийкарғы конструктив системалар аралас усылларда да қолланылыўы мүмкин.

Имаратлардың конструктив схемалары. Конструктив схема, конструктив системаның көриниси болып, вертикал ҳәм горизонтал жүк көтериўши конструкциялардың фазалық жайласыўын белгилейди.

Каркаслы имаратларда 3 дана конструктив схема бар.

Кесе жөнелисте жайласқан ригелли; бойлама бағдарда жайласқан ригелли;ригелсиз.

Каркассыз имаратларда ең көп тарқалған төмендеги 5 дана конструктив схема ислетиледи.

I-схема-өз ара ишки көтериўши дийўаллар (киши адымлы) көп қабатлы имаратлар қурылысында қолланылады.

II-схема-кесе дийўаллары жүк көтериўши (киши ҳәм үлкен адымлы) Балалар мекемелери, мектеплер қурылысында.

III-схема-бойлама дийўаллары жүк көтериўши (үлкен адымлы) ири блоклы ҳәм ири панелли имаратлар қурылысында.

IV-схема -ишки ҳәм сырткы бойлама дийўаллары жүк көтериўши (кесе бикрли диафрагмасы менен) Гербишли ҳәм ири блоклы имаратлар қурылысында. Мине бизиң жойбарлап атырған әскерий хызметке шақырыў пункти административлик корпусы имараты булл схема бойынша дүзилген.

V-схема -бойлама сыртқы дийўаллары жүк көтериўши. Тийкарынан тәжирийбе ушын қурылатуғын имаратлар қурылысында қолланылады. Ишки планлы-көлемли шешим еркин рәўиште шешиў имканиятын береди.

Имаратлардың қурылыс дизимлери. Имаратларды ҳәм тийкарғы жүк көтериўши конструкцияларды қурыў технологиялар жыйнағын, қурылыс дизимлдерин қурайды.

Қурылыс дизимлериниң, қурамы конструкцияларының материаллары, қурылысты шөлкемлестириў ҳәм қурылыс системалары сыяқлы 3-тийкарғы көринислерден ибарат.

2.2.Алдыннан зорықтырылған көп қуўыслы бастырма плитасын есаплаў ҳәм конструкциялаў

Өлшемлери: Узынлығы $\ell = 5860 мм$

Ени: B=1190 мм

қалыңлығы d=220 мм

Бетон классы B=20

Аўырлық салмақлы қысылыўға

$\gamma_{Bj} = 0{,}9 \quad R_B = 0{,}9 \cdot 11{,}5 = 10{,}35 МПа, \quad RBt = 0{,}9 \cdot 0{,}9 = 0{,}81$

$R_{BS\ell\gamma} = 15 МПа, \quad R_{Bts\ell r} = 1{,}4 МПа, \quad E_D = 24000 мПа$

Кесесине арматура классы A-IV, R_S=51000 МПа, $R_{ss\ell r} = 590 МПа, \quad E_S = 19000 МПа$

Кесесине арматура ҳәм кепсерленген сетка классы $B_\rho = I$

$R_S = 375 МПа : R_{SW} = 270 МПа -$ Ǿ 3 мм

$R_S = 365 МПа : R_{SW} = 265 МПа -$ Ǿ 4 мм

$R_S = 360 МПа : R_{SW} = 260 МПа -$ Ǿ5 мм

болғанда E_S=170000 МПА

Бетонның берилиў беккемлигин

$R_{вр}$=0,78 = $0,7 \cdot 20 = 14$ $R^0_{Вр} = 1,2 \cdot 8,1 = 9,72 МПа$

Ишки күшлерин табамыз.

Егерде бастырма плитаның тирелиў узынлығы В см болғанда есапланған пролеты $\ell_0 = 6,28 \cdot 413 \cdot 0,73 = 5,18 м$,

Бастырманың 1м^2 майданға түсетуғын аўырлығын таблицаға көширип жазамыз.

1м^2 узынлықтағы бастырманың аўыр күши I. Толық есаплағанда

$$q = 10890 \cdot 1,2 = 13058 H \cdot V = 13 КН.м$$

II. Нормативли $q_n = 9220 \cdot 1,2 = 11064$ $НМ = 11 кНМ$

III. Узақ даўам еткен нормативли

$$q_{пе}(4220 + 4000) \cdot 1,2 = 9864 \ YV = 9,9 \ кНМ$$

1м^2 майданға түсетуғын күшлер

Күшлердиң түрлери	Норматив күш Па	Коэффициент γ_f	Анықланған күш
Турақлы күшлер			
минимум кесиминде	70	1,3	91
цемент ылай	240	1,3	312
пенобетон	750	1,3	980
ребероид	35	1,3	45
бастырма	3000	1,1	3300
қалған жериниң сыбаўы	125	1,3	162
жәми	4220		4890
ўақтынша күшлер			
узақ даўам еткен	4000	1,2	4800
Қысқа даўам еткен	1000	1,2	1200
Жәми	5000		6000

Ҳәммеси	9220		10820

Плитаның келтирилген кесими

а) Есапланған аўырлық күшиниң тәсиринен келип шыққан ийилиў миоменти.

$$M = \frac{q \cdot \ell^2}{8} = \frac{13 \cdot 6{,}2^2}{8} = 55{,}60 \ \ КН \cdot М$$

Кесе көлденең күштиң моменти

$$Q = \frac{q \cdot \ell}{2} = \frac{13 \cdot 6{,}2}{2} = 38{,}0 кН$$

Нормативлик күштен

$$M = 11{,}1 \cdot 6{,}2^2 = 47{,}0 кНМ$$ нормативли

$$M_\ell = \frac{9{,}9 \cdot 6{,}2^2}{8} = 42{,}0 кН \cdot М$$ узақ даўам еткен

$$Q = 0{,}5 \cdot 11 \cdot 62 = 31{,}9$$ кН

Нормал кесимниң бийиклигин есаплаў.

Есаплаў ушын берилген көп қуўыслы бастырманың кесиминиң бийиклиги h=22 см,алкасына ени B_f=11,9 см, қабырғаларының ени B=19, 5 см. ҳәм де сызылы қашықлығының бийиклиги h_f=3см ийкемине келтирип аламыз.

Арматураның дәслепки қашықлығын $T_{fp} = 0{,}75$ $R_{S,Ser} = 0{,}75 \cdot 590 = 443$ мПа

Бул күши $R_{S.ser} = P = 590 \cdot 90 = 500 \ мПа$

Үлкен 0,3 $R_{S,ser} = 0{,}3 \cdot 590 = 177 \ мПа$

Бул жерде $\rho = 30 + \frac{360}{\ell} = 30 + \frac{360}{6} = 90$ мПа

ℓ - сыртқы таяныў қырларының ара қашықлығы . Егер: $\alpha = 2{,}5$ см болғанда

$L_0 = 2{,}2 - 2{,}5 = 19{,}5$ см

$w = 2 - 0{,}008 \quad R_B = 0{,}85 - 0{,}008 \cdot 10{,}75 = 0{,}767$

$$\Delta\gamma_{SP} = 1500\frac{\gamma_{SP}}{R_S} - 1200 = 1500 \cdot \frac{443}{510} - 1200 = 103 мПа$$

$$\Im_{Sp} = R_3 + 400 - \Im_{SP} - \Delta\Im_{SP} = 510 + 400 - 443 - 103 = 364$$

$$\xi_e = \frac{w}{1 + \frac{\Im_{Sp}}{\gamma}\left(1 - \frac{w}{1,1}\right)} = \frac{0,767}{1 + \frac{364}{500}\left(1 - \frac{0,767}{1,1}\right)} = 0,586$$

$$\Delta R = 0,586(1 - 0,5 \cdot 0,586) = 0,411$$

Енди $M_f = R_B \cdot B'_f \cdot h'_f\ (ha - 0,5h_f'(ha - 0,5h_f') = 10,35 \cdot 119(19,5 \cdot 0,5 - 3)$

100=6651000 Н$\cdot см = 66,5$ КНМ >55 КН.М

Болғаны ушын ҳәм ортанғы көшер палканың ишинде өтетуғын болғаны ушын, қырқымын туўры мүйешлик деп атаймыз. Ени B=B’$_f$=119 см тез болған формула бойынша

$$A_0 = \frac{5500000}{10,35 \cdot 119 \cdot 19,5^2 \cdot 100} = 0,118 < A_R = 0,411$$

Таблицадан $\zeta = 0,126;\ \upsilon = 0,937$

Коэффициент $\gamma_{SB} = 1,2 - (1,2 - 1)(2 \cdot \frac{0,216}{0,586} - 1) = 1,2$

Арматура кесиминиң майданы табамыз.

$$A_S = \frac{550000}{1,2 \cdot 510 \cdot 0,937 \cdot 10,5 \cdot 100} = 5,11 см^2$$

г ó 10 A-IV+4 ó 12A-IV (A_S=6,09 см^2) қабыллаймыз

Геометриялық характерин анықлаў

1. $d = \frac{E_S}{E_B} = \frac{190000}{24000} = 7,92$

2.келтирилген кесимниң майданы ҳәм төменги қырына қатнаслы статик моментин анықлаймыз.

$$A_{red} = A + 2A_S = 11,9 \cdot 22 - 6\frac{314 \cdot 15,9^2}{4} + 792 \cdot 6,09 = 1484,4$$

$$S_{red} = 8 + \alpha S_S = 119 \cdot 22 \cdot 11 - 6 \cdot \frac{314 \cdot 15 \cdot 9^2}{4} \cdot 1117,92 \cdot 6,09 \cdot 2,5 = 15911 см^3$$

3.Келтирилген кесимниң төменги кесимнен аўырлық орайына дейинги ара қашықлығы

$$J_{red} = S_{red} \cdot A_{red} = \frac{15911}{1484,4} = 10,7 см$$

4.Келтирилген кесимниң аўырлық орайынан күшлетилген арматурасының қойылған точкасына дейинги ара қашықлығын аныклаймыз.

$$\ell_{op} = J_{red} - a = 10,7 - 2,5 = 8,2 см$$

5.Инерция моменти.

$$J_{red} = J = \alpha Js = \frac{119 \cdot 22^3}{12} - 6\frac{3,14 \cdot 15,9^4}{64} + 7,92 \cdot 6,09 \cdot 8,2^2 = 89636 см^4$$

6.Қарсылық моменти

а) төменги қырына қатнаслы

$$W_{red} = J_{red} / J_{red} = \frac{89636}{10,7} = 8370 \text{ см}^2$$

б) жоқары қырына қатнаслы

$$W_{red} = J_{red} /(\alpha - J_{red}) = \frac{89636}{22 - 10,7} = 7930 \text{ см}^3$$

Алдын ала күшлениўдиң жойтылыўы қосылыў күши

1) Күшлениў реакциядан

$$\gamma_1 = 0,03 - 443 = 13,3 мПа$$

2) Температураның өзгериўинен

$$\gamma_3 = 0$$

3) $\gamma_5 = 0$

Алдын ала қосылыў күши (*Егерде* $\gamma_{3P} = 1$)

$$P = \gamma_{sp}(\gamma_{sp} - \gamma_1) \ A_s = 1(443 - 13,3) \cdot 6,09 \cdot 100 = 261687 H = 261,7 \text{ кН}$$

$$\gamma_{BP} = \frac{261700}{1484} + \frac{261700 \cdot 8,2}{89636} \cdot 8,2 = 372^4 / см^2 = 3,73 \ мПа$$

Таблицадан $\gamma_{BP} 1 R_{BP} = \frac{3,73}{14} = 0,27 < \alpha = 0,25 + 0,025$

$$R_{BP} = 0,25 + 0,025 + 14 = 0,60$$

$$\gamma_{BP} = 0,85 \cdot 40 \ \alpha_{BP}(R_{BP} = 0,85 \cdot 40 \cdot 0,27) = 9,2 \ мПа$$

$$\gamma_{SP} = \sigma_{SP} \cdot \sigma_4 = 441 - 22,5 = 420,5 \ мПа$$

$$\gamma_{SP} = 1; \ P_1 = \gamma_{SB} \ (\sigma_{SP} - \sigma_4) \ A_S = 1 \cdot 420,5 \cdot 6,09 \cdot 100 = 255,1$$

Сызылғаннан кейин бетонның күшлениўи

$$\sigma_{SP} = \frac{255110}{1484} + \frac{255110 \cdot 8{,}2}{89636} \cdot 8{,}2 = 363 \quad H/см^2 = 3{,}6 \text{ мПа} < 0{,}95$$

$R_{sp=}0{,}95 \cdot 1{,}4 = 13{,}3$ мПа

$\gamma_8 = 35$ мПа

$\sigma_{BP} / R_{BP} = 3{,}63/14 = 0{,}26 < 0{,}75$

$\sigma_9 = 0{,}85 \cdot 150 \;\; \sigma_{BP} = 0{,}85 \cdot 150 \cdot 0{,}26 = 33{,}2$ мПа

$\sigma_{B_2} = \sigma_5 + \sigma_9 = 35 + 33{,}2 = 68{,}2$ мПа

$\sigma = \sigma_4 + \sigma_{Br} = 22{,}5 + 68{,}2 = 90{,}7$ мПа<100 мПа

$\sigma_{SP} \cdot 2 = \sigma_{SP} = \sigma_2 = 443 \cdot 100 = 343$ мПа

егер $\gamma_{SB} = 1$ болғанда

$$P_S = \gamma_{3B}(\sigma_{3P} - \sigma_2)A_S = 1(343 \cdot 100) \cdot 6{,}09 \cdot 100 = 208887H = 208{,}9кH$$

$\gamma_{SB} = 1$болғанда

$$\Delta\gamma_{S\upsilon} = 0{,}5 \cdot \frac{P}{\sigma_{sp}}\left(1 + \frac{1}{\sqrt{np}}\right) = 0{,}5 \cdot \frac{90}{443} \cdot \left(1 + \frac{1}{\sqrt{6}}\right) = 0{,}14$$

$\gamma_{sp} = 1 + \Delta\alpha_{sp} 1 + 0{,}14 = 1{,}14$ ямаса $\gamma_{SP} = 1 - 0{,}14 = 0{,}86$

Бастырманың бир-биринен ара қашықлығы S=10 см болган кесесине стерженлердиң диаметрлери 4мм болған, узынлығы 1,2 м ҳәр бир қапталына 4 каркас қойылған деп көремиз.

Сонда $\alpha = \frac{E_S}{E_B} = \frac{17000}{24000} = 7{,}08$

$$M_{10} = \frac{A_{SW}}{Bs} = \frac{4 \cdot 0{,}126}{19{,}5 \cdot 10} = 0{,}0026$$

$$\upsilon \; w_1 = 1 + 5\alpha\mu w = 1 + 5 \cdot 0{,}0026 \cdot 7{,}08 = 1{,}08$$

$$\upsilon B_1 = 1 + \beta R_0 = 1 - 0{,}01 \cdot 10{,}35 = 0{,}9$$

$$\upsilon_1 = 38000H < 0{,}3 \cdot 1{,}08 \cdot 09 \cdot 10{,}35 \cdot 1{,}95 \cdot 100 < 11462 \;\; H$$

демек алынған стерженлердиң диаметри жеткиликли.

$$\upsilon_n = 0{,}1\frac{208887}{0{,}81 \cdot 19{,}6 \cdot 22 \cdot 100} = 0{,}58 - 0{,}5$$

$\upsilon_n = 0{,}5 \Rightarrow$

$Q = 38000 \;\; H > 0{,}6 \cdot 0{,}81 \cdot 19{,}5(1+0{,}5) \cdot 100 = 28642 H$

Кесесине жайласқан арматурасын есаплаймыз n=4

$f = 0{,}126 \;\; см^2$ 8=10 см

$q_{sw} = 265 \cdot 4 \cdot 0{,}126 \cdot 100 / 10 = 1336 \;\; H / см$

$\upsilon_f = \dfrac{0{,}75(119 - 19{,}5)^3}{19{,}5 \cdot 19{,}5} = 0{,}59 > 0{,}5$ $\upsilon_f = 0{,}5$

$C_0 = \sqrt{\dfrac{2(1+0{,}5+0) \cdot 0{,}81 \cdot 19{,}5 \cdot 19{,}5^3 \cdot 100}{1335}} = 37{,}3 \;\; см$

$C_o = 37{,}3 < 2 \;\; h_o = 2 \cdot 19{,}5 = 39 см$

$g_{Sw} = \dfrac{38000^2}{4{,}2(1-0{,}5+0) \cdot 0{,}81 \cdot 19{,}5^2 \cdot 100} = 1944 / см$

$\varepsilon = \dfrac{R_{sw} \cdot A_{Sw}}{q_{sw}} = \dfrac{255 \cdot 4 \cdot 0{,}126 \cdot 100}{194} = 69 см$

$S_{\max} = \dfrac{0{,}75 \cdot 2(1+0{,}5+0) \cdot 0{,}81 \cdot 19{,}5 \cdot 19{,}5^2 \cdot 100}{38000} = 37 см$

Бизиң алғанымыз $S = 10 см < S_{\max} = 37 см$ қалдырамыз, яғный S=10 см,

Бастырманың көлденең көщерине қатнаслы нормаль кесимин айрықша түсиниў аныклаў.

$\sigma_B = \dfrac{M}{J_{red}} \cdot J + \dfrac{R^2}{A_{red}} - \dfrac{P_2 \ell_{op}}{J_{red}} \cdot J = \dfrac{4700000}{89676 \cdot 100} \cdot (22 - 10{,}7) + \dfrac{208887 \cdot 82}{89636 \cdot 100}(22 - 10{,}7) = 5{,}1 \;\; мПа$

$\ell = 1{,}6 - \dfrac{\sigma B}{RB_{ser}} = 1{,}6 - \dfrac{5{,}1}{15} = 1{,}6 < 1$

$\ell = 1$ деп аламыз

$J = \ell \dfrac{w_{red}}{A_{red}} = 1 \cdot \dfrac{8370}{1484} = 5{,}6 \;\; см$

$\cdot w_{p\ell} + \gamma_P \cdot \rho(\ell_{op} + 2) = 1{,}4 \cdot 12500 \cdot 100 + 0{,}86 \cdot 20887(8{,}2 + 5{,}6) = 4229070 \;\; H \cdot см =$

$= 42{,}29 км \cdot M < 2 м = 47{,}0 км \cdot м$

Демек ойырақ түсиў енин есаплаймыз M_{crc}>M болғанлығы себепли узақ даўам еткен күшлердиң тәсириндеги жарылыў енин аныклаймыз.

$M = A_5 \left(B \cdot h_0 = 6{,}09 / (33 \cdot 19{,}5\right) = 0{,}008 < 0{,}02$

$$U_1 = \left[(119-33)\cdot 4 + \frac{7,92}{2\cdot 0,45}(0,49+0) \right](33\cdot 19,5) = 0,558$$

бул жерде: $A_S^{'} = 0,49 см^2$ жоқарыда жайласқан сетканың арматураларының кесиминиң майданы

(7ǿ3 $\beta\rho$ $I - A_S^{'} = 0,49 см^2$)

$$\lambda = 0,558\left(1 - \frac{4}{2-19,5}\right) = 0,5$$

қысыў күши ρ арматураның аўырлық орайына қойылған яғный $\ell_{Sp} = 0 =>$

$$M_{tot} = M + \rho_2 \ell_{Sp} = 47 + 0 = 47 \ кНм$$

$$\sigma_m = 4700000 / 33\cdot 19,5^2 \cdot 15\cdot 100 = 0,25$$

қысыў күши, егер $\gamma_{SP} = 0,86$ болғанда

R_2 $0,86\cdot 208887 = 1796434 = 179,6 КН$

Толық күши тәсириндеги эксентриситет

$$\ell_{estot} = 4700000 / 1769643 = 26,2 см$$

$$\xi = \frac{1}{1,8 + \frac{1+5/0,25+0,5}{10\cdot 0,008\cdot 7,92}} + \frac{1,5-0,558}{11,5\frac{26,2}{19,5}\cdot 5} = 0,29$$

$$Z = 19,5\left[1 - \frac{\frac{9}{19,5}\cdot 0,558 + 0,29^2}{2(0,558+0,29)}\right] = 17,2 \ см$$

$$\sigma_S = \frac{4700000 - 179643(17,2-0)}{6,09\cdot 17,2\cdot 100} = 151 \ мПа$$

Арматура диаметриниң орташа мәниси

$$d = \frac{2\cdot 10^2 + 4\cdot 12^2}{2\cdot 10 + 4\cdot 12} == 11,33 \ мм$$

Демек: Егер $\delta = 1;\ \ell_2 = 1;\ B = 1$ болғанда

$$Q_{crc} = 1\cdot 1\cdot 1\cdot \frac{154}{150000}\cdot 20(3,5 - 100\cdot 0,0008)\cdot \sqrt[3]{11,3} = 0,15 мм \prec Q_{c2c}$$

Бастырманың көлденең көшерине қатнаслы қыйсық кесимниң жарық түсиўин анықлаў. Келтирилген кесимниң аўырлық орайынан жоқарыда жатырған кесимниң статик моментин анықлаў.

$$\rho_{ted} = 119 \cdot 4\left(11{,}3 - \frac{4}{2}\right) + 33 \cdot 7{,}30 \cdot 3{,}65 = 5306 см^3$$

урынба күшлениў

$$Z_{xy} = \frac{31900 \cdot 5306}{39636 \cdot 33 \cdot 100} = 0{,}57 \quad мПа$$

Нормал күшлениў

$$\sigma_x = \frac{179643}{1484} + 0 + 0 = 1{,}2 \quad мПа; \qquad \sigma_j = 0$$

$$\sigma_{mt} = \frac{1{,}2 + 0}{2} + \sqrt{\left(\frac{1{,}2 + 0}{2}\right)^2 + 0{,}5 + 2} = 1{,}43 \quad мПа$$

$$\sigma_{мс} = \frac{1{,}2 + 0}{2} - \sqrt{\left(\frac{1{,}2 + 0}{2}\right)^2 + 0{,}57^2} = -0{,}23 \quad мПа$$

$$\gamma_{Bn} = \left(1 - \frac{0{,}23}{15}\right) / \left(0{,}2 + 0{,}01 \cdot 20\right) = 2{,}4 < 1$$

$\gamma_{в4} = 1$ деп аламыз.

$\sigma_{nit} = 1{,}43 > 1 \cdot 1{,}4 \quad мПа$ онша көп айырмашылық болмағанлығы себепли есаплаўды онша талап етпейди.

Деформация бойынша есаплаў

$\frac{1}{h} = \frac{580}{22} = 26 > 10$ болғанлығы ушын ийилиўине момент бойынша ийилиўин анықлаймыз.

